# «Ashıq byudjet» málimleme portalı arqalı jámiyetshiliktiń pikiri tiykarında qáliplesken ilajlardı qarjılandırıwdı bunnan bılay da keńeytiw ilajları haqqında




**Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń qararı**

Puqaralardı byudjet procesine tartıw mexanizminiń iske qosılıwı orınlarda xalıqtı qıynap kiyatırǵan mashqalalardıń sheshimin tabıw hám jámiyetshilikti byudjet procesiniń qatnasıwshısına aylandırıwda ayrıqsha qural bolıp xızmet etpekte.

2021-jılı ótkerilgen iniciativalı byudjetlestiriw procesinde puqaralardan kelip túsken múrájatlarda bildirilgen orınlı hám áhmiyetli mashqalalardı qısqa múddetlerde saplastırıw, mámleketlik byudjetti qáliplestiriw hám aymaqlardı sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw joybarların islep shıǵıw procesine xalıqtı jedel tartıw maqsetinde:

Qarjı ministrligi hám Ekonomikalıq rawajlanıw hám kámbaǵallıqtı qısqartıw ministrliginiń Ózbekstan Respublikası respublikalıq byudjetinen 1-qosımshaǵa muwapıq 2021-jıl 1-oktyabrge shekem:
Puqaralardıń baslaması qorında (keyingi orınlarda – Qor) 1 milliard sumnan az qarjı qáliplesken rayonlar hám qalalar ushın qosımsha 57,9 milliard sum;

«Ashıq byudjet» málimleme portalı arqalı kelip túsken usınıslar sanı 100 den artıq bolǵan rayonlar hám qalalarǵa  qosımsha 59,5 milliard sum qarjı ajıratıw haqqındaǵı usınısları maqullansın.

Sonday tártip ornatılsın, oǵan muwapıq 2022-jıl 1-yanvardan baslap rayonlar hám qalalardıń byudjetleri parametrlerinde aymaqlıq ishki jollardı ońlaw ushın ajıratılatuǵın qarjılardıń 50 procenti «Ashıq byudjet» málimleme portalı arqalı jámiyetshiliktiń pikiri tiykarında anıqlanǵan ishki jollardı ońlawǵa qaratıladı.
Qarjı ministrligi eki ay múddette aymaqlıq ishki jollardı ońlaw ushın ajıratılatuǵın qarjılardıń 50 procentin «Ashıq byudjet» málimleme portalı arqalı jámiyetshiliktiń pikiri tiykarında anıqlanǵan ishki jollardı ońlawǵa qaratıw tártibin islep shıqsın hám

tastıyıqlasın.

Rayon hám qala hákimleri Qorǵa qarjılardıń óz waqtında ótkeriliwi jáne Qor qarjılarınan maqsetli paydalanılıwı boyınsha jeke juwapker bolıp esaplanatuǵını;
rayonlar hám qalalardıń hákimlikleri tárepinen hár sherekten keyingi aydıń 25-sánesine shekem jámiyetshiliktiń pikiri tiykarında qáliplestirilgen ilajlardı qarjılandırıw boyınsha maǵlıwmatlar  ózleriniń rásmiy veb-saytları hám «Ashıq byudjet» málimleme portalına jaylastırıp barılatuǵını;

usı bánttiń úshinshi abzacında názerde tutılǵan qaǵıydanı buzıw byudjet procesiniń ashıq-aydınlıǵı  tártibin buzıw dep bahalanatuǵını belgilensin.

Qarjı ministrligi:
úsh ay múddette «Ashıq byudjet» málimleme portalı jáne rayonlar hám qalalar hákimlikleriniń rásmiy veb-saytlarda iniciativalı byudjetlestiriwdiń nátiyjeleri boyınsha maǵlıwmatlardı jaylastırıp barıw tártibi hám túrlerin tastıyıqlasın;

xalıqaralıq shólkemlerdi tartqan halda iniciativalı byudjetlestiriw procesinde aymaqlar tárepinen jol qoyılǵan kemshiliklerdi tallaw tiykarında bul processti jetilistiriw boyınsha Ministrler Kabinetine usınıs kirgizip barsın;

puqaralardıń iniciativalı byudjetlestiriw procesine tartılıwı dárejesi boyınsha aymaqlar reytingin engizsin jáne onı «Ashıq byudjet» málimleme portalına jaylastırıp barsın;

iniciativalı byudjetlestiriw procesin basqarıwda qarjı uyımlarınıń wazıypaların anıq belgilegen halda bul processti muwapıqlastırıp barsın.

Iniciativalı byudjetlestiriw procesin bunnan bılay da jetilistiriw boyınsha «Jol kartası» 2-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.
Máhálle hám shańaraqtı qollap-quwatlaw ministrligi Jaslar isleri agentligi hám qarjı ministrligi menen birgelikte:
iniciativalı byudjetlestiriw procesin ámelge asırıw mexanizmin hám onıń mánisin xalıqtıń arasında sistemalı túrde keńnen jarıtıp barılıwın támiyinlesin;

hár bir máhálle hám awılda «Ashıq byudjet» málimleme portalında usınıs qaldırıw hám dawıs beriw procesine járdemlesetuǵın «mobil» toparlar jáne «intakerler múyeshi»n shólkemlestirsin.

Usı qarardıń orınlanıwın nátiyjeli shólkemlestiriwge juwapker hám jeke juwapker etip qarjı ministri T.A.Ishmetov jáne Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Baslıǵı, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimleri belgilensin.

Qarardıń orınlanıwın dodalap barıw, orınlaw ushın juwapker uyımlardıń jumısın muwapıqlastırıw Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń orınbasarı J.A.Qwchqorovqa júklensin.

**Ózbekstan Respublikası**

**Prezidenti** **Sh.MIRZIYoEV**

**Tashkent qalası,**

**2021-jıl 22-sentyabr**